# ZAMANAGÓY KITAPXANALARDA INFORMACIYA-RESURS ORAYLARÍ XÍZMETIN JETILISTIRIW

**Amanbaeva Albina Naǵmetbaevna** – *magistrant*
albinamanbaeva2@gmail.com
*ÓzMKÓMI Nókis filialı*

# СОВЕРШЕНСТВОВАНИЕ ОБСЛУЖИВАНИЯ ИНФОРМАЦИОННО-РЕСУРСНЫХ ЦЕНТРОВ В СОВРЕМЕННЫХ БИБЛИОТЕКАХ

**Аманбаева Альбина Нагметбаевна** – *магистрант*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# IMPROVING THE SERVICES OF INFORMATION AND RESOURCE CENTERS IN MODERN LIBRARIES

**Amanbaeva Albina Nagmetbaevna** – *master's student*
*Nukus branch of the Uzbek State Institute of Arts and Culture*

**Tayanısh sózler:** Informaciyalıq resurs orayı, kitapxana sisteması, cifrli kitapxana, informaciyalıq texnologiya, innovaciyalıq xizmetler, elektron katalog, paydalanıwshı mútájlikleri, kitapxana basqarıwı.

**Rezyume.** Bul maqalada zamanagóy kitapxanalarda málimleme-resurs oraylari jumısın jetilistiriwdiń áhmietli máseleleri tallanǵan. Málimleme texnologiyaların engiziw, xızmetlerdiń sapasın arttırıw, paydalanıwshıǵa baǵdarlanǵan qatnaslardı jolǵa qoyıw áhmietli ekenligi atap ótiledi. Kitapxana sistemasın rawajlandırıwdıń tiykarǵı baǵdarları hám perspektivaları da kórsetip ótildi.

**Ключевые слова:** Информационно-ресурсный центр, библиотечная система, цифровая библиотека, информационные технологии, инновационные услуги, электронный каталог, потребности пользователей, управление библиотекой.

**Резюме.** В данной статье анализируются актуальные вопросы совершенствования деятельности информационно-ресурсных центров в современных библиотеках. Будет подчеркнута важность внедрения информационных технологий, повышения качества услуг и подходов, ориентированных на пользователя. Также обозначены основные направления и перспективы развития библиотечной системы.

**Key words:** Information resource center, library system, digital library, information technology, innovative services, electronic catalog, user needs, library management.

**Summary.** This article analyzes current issues in improving the activitiyes of information resource centers in modern librariyes. The importance of implementing information technologiyes, improving service quality, and user-centered approaches will be highlighted. The main directions and prospects for the development of the library system are also outlined.

Búgingi kúnde málimleme texnologiyalarınıń jedel rawajlanıwı barlıq tarawlar qatarında kitapxana sistemasına da sezilerli tásir kórsetpekte. Zamanagóy jámiyette informaciyaǵa bolǵan talap artıp baratırǵan bir sharayatta kitapxanalar dástúriy kitap saqlaw ornınan keńirek funkciyanı atqarıwshı málimleme-resurs oraylarına aylanbaqta. Sol sebepli kitapxana jumısın modernizaciyalaw, málimleme-resurs oraylarınıń jumısın jetilistiriw áhmiyetli máselelerden biri bolıp esaplanadı. Usi maqalanıń maqseti zamanagóy kitapxanalarda informaciya-resurs orayları jumısın rawajlandırıw jolların talqılaw hám olardı jetilistiriw boyinsha ilimiy tiykarlangan usınıslar islep shigiwdan ibarat. Informaciya-resurs orayları - bul paydalanıwshılarǵa túrli formadaǵı (baspa, elektron, audiovizual) informaciya dereklerin usinatuǵın zamanagóy kitapxana sisteması. Olardıń tiykarǵı wazıypası paydalanıwshılardıń informaciyaǵa bolǵan talabın jedel, sapalı hám nátiyjeli qanaatlandırıwdan ibarat. Bul oraylar tómendegi funkciyalardı orınlaydı:

- informaciya resursların toplaw, saqlaw hám sistemalastırıw;
- paydalanıwshılarǵa xizmet kórsetiw;
- elektron kataloglar hám magliwmatlar bazaların júrgiziw;
- ilimiy-izertlew jumısın qollap-quwatlaw;
- informaciya mádeniyatın qáliplestiriw.

Búgingi kúnde málimleme-resurs orayları tek ǵana bilimlendiriw procesin támiyinlewshi mákeme emes, al jámiyettiń intellektuallıq rawajlanıwına xızmet etiwshi áhmiyetli sociallıq institutqa aylanǵan. Málimleme-resurs oraylarınıń jumısın jetilistiriwde innovaciyalıq texnologiyalar áhmiyetli orın iyeleydi. Elektron kitapxanalar, sanlı arxivler, onlayn kataloglar hám

avtomatlastırılǵan málimleme sistemaları kitapxana xızmetlerin jańa basqıshqa alıp shıqpaqta. Sanlı texnologiyalar járdeminde paydalanıwshılar aralıqtan turıp ta kerekli maǵlıwmatlarǵa iye bolıw imkaniyatına iye bolmaqta. Bul bolsa kitapxana xızmetleriniń qamtıp alınıwın keńeytedi hám olardıń nátiyjeliligin arttıradı. Sonday-aq, jasalma intellekt hám maǵlıwmatlardı qayta islew texnologiyaları tiykarında paydalanıwshılarǵa individual usınıslar beriw imkaniyatı da jaratılmaqta. Bul bolsa xızmet kórsetiwdiń sapasın jáne de arttıradı. Zamanagóy kitapxanalarda informaciya-resurs orayları xızmetin jetilistiriw ushin tómendegi bagdarlarga itibar qaratıw zárúr: Birinshiden, materiallıq-texnikalıq bazanı bekkemlew kerek. Zamanagóy kompyuter texnikası, internet tarmaǵı hám dástúriy támiynat kitapxana xızmetleriniń sapasın belgileytuǵın tiykargı faktorlar bolip esaplanadı. Ekinshiden, kadrlardıń mamanlıǵın arttırıw úlken áhmiyetke iye. Kitapxana xızmetkerleri zamanagóy málimleme texnologiyaların biliwi, paydalanıwshılar menen nátiyjeli isley alıwı zárúr. Úshinshiden, paydalanıwshılarǵa baǵdarlanǵan xızmetlerdi rawajlandırıw talap etiledi. Interaktiv xızmetler, onlayn másláhátler hám individual qatnas kitapxana jumısınıń nátiyjeliligin arttıradı. Tórtinshiden, xalıqaralıq tájiriybelerdi úyreniw hám olardı ámeliyatqa engiziw áhmiyetli. Rawajlanǵan mámleketlerdiń tájiriybesi kitapxana sistemasın modernizaciyalawda áhmiyetli dárek bolıp xızmet etedi.

Málimleme-resurs orayları jaslardıń bilim alıw procesinde áhmiyetli orın iyeleytuǵın zamanagóy bilimlendiriw infrastrukturası bolıp esaplanadı. Olar arqalı oqıwshılar hám studentler hár qıylı málimleme dáreklerinen nátiyjeli paydalanıw, óz betinshe izleniw alıp barıw hám ilimiy izertlew kónlikpelerin qáliplestiriw imkaniyatına iye boladı. Ásirese, sanlı texnologiyalar menen úskenelengen zamanagóy kitapxanalar jaslardıń bilim alıw kólemin sezilerli dárejede keńeytedi. Búgingi kúnde málimleme-resurs orayları tek ǵana kitap beriwshi orın emes, al bilimlendiriw procesiniń ajıralmas bólegi sıpatında jumıs alıp barmaqta. Olar oqıwshılarǵa sabaqlıqlar, ilimiy ádebiyatlar, elektron resurslar, maǵlıwmatlar bazaları hám multimedia materiallarınan paydalanıw imkaniyatın jaratadı. Bul bolsa jaslardıń bilimdi tereńirek ózlestiriwine hám hár qıylı dáreklerdi tallaw arqalı erkin pikirlewine járdem beredi. Sonday-aq, málimleme-resurs orayları jaslarda málimleme mádeniyatın qáliplestiriwde de áhmiyetli rol atqaradı. Informaciya mádeniyatı - bul kerekli maglıwmattı izlew, tańlaw, analizlew hám onnan nátiyjeli paydalanıw kónlikpelerin óz ishine aladı. Zamanagóy jámiyette bul kónlikpeler hár bir jas ushın zárúr esaplanadı. Kitapxanalar bolsa áyne usı kompetenciyalardı rawajlandırıw ushın qolaylı ortalıq jaratadı. Bunnan tısqarı, málimleme-resurs orayları jaslardıń ilimiy-izertlew jumısın qollap-quwatlaydı. Studentler referat, kurs jumısı hám ilimiy maqalalar jazıwda kitapxana resurslarınan keń paydalanadı. Elektron kataloglar hám maǵlıwmatlar bazaları arqalı zárúr ádebiyatlardı tez tabıw imkaniyatınıń bar ekenligi ilimiy jumıslardıń sapasın arttıradı. Jáne bir áhmiyetli tárepi sonda, zamanagóy kitapxanalar jaslar ushın qolaylı oqıw ortalıǵın jaratadı. Tınısh hám qolaylı sharayat, biypul internet, kompyuterler hám basqa da texnikalıq qurallar bilim alıw procesin nátiyjeli shólkemlestiriwge xızmet etedi. Sonday-aq, túrli seminarlar, treningler hám ruwxıy-aǵartıwshılıq ilajlar jaslardıń intellektuallıq rawajlanıwına unamlı tásir kórsetedi. Sanlı texnologiyalar tiykarında shólkemlestirilgen málimleme-resurs orayları bolsa jaslardıń bilim alıw procesin jańa basqıshqa alıp shıqpaqta. Onlayn kitapxanalar, elektron sabaqlıqlar hám aralıqtan bilimlendiriw platformaları arqalı olar qálegen jerde hám qálegen waqıtta bilim alıw imkaniyatına iye bolmaqta. Bul bolsa bilimlendiriwdiń úzliksizligin támiyinleydi hám jaslardıń erkin bilim alıw kónlikpelerin rawajlandıradı. Zamanagóy jámiyette jaslar sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwdıń tiykarǵı háreketlendiriwshi kúshi sıpatında tán alınadı. Olardıń intellektuallıq potencialın arttırıw, bilim hám kónlikpelerin rawajlandırıw bolsa tikkeley málimlemege erkin hám sapalı kiriw imkaniyatı menen baylanıslı. Málimleme-resurs orayları jaslardıń málimleme talapların qanaatlandırıw menen birge, olarda erkin bilim alıw kompetenciyasın qáliplestiredi. Zamanagóy bilimlendiriw paradigmasına muwapıq, bilim alıw procesi tek ǵana auditoriya menen sheklenbeydi, al úzliksiz hám erkin bilim alıwdı da óz ishine aladı. Usı processte kitapxanalar hám málimleme-resurs orayları oqıwshılar hám studentler ushın áhmiyetli bilim dáregi bolıp xızmet etedi. Jaslar bul oraylar arqalı tek ǵana sabaqlıq hám oqıw qollanbalarınan emes, al ilimiy maqalalar, monografiyalar, elektron maǵlıwmatlar bazaları hám xalıqaralıq ilimiy platformalardan paydalanıw imkaniyatına iye boladı. Bul bolsa olardıń ilimiy pikirlewdi rawajlandırıw, analitikalıq pikirlew kónlikpelerin qáliplestiriw hám global málimleme mákanına integraciyalasıwın támiyinleydi. Sonday-aq, málimleme-resurs orayları jaslar arasında

málimleme mádeniyatın rawajlandırıwda áhmiyetli rol atqaradı. Informaciya mádeniyatı - bul informaciyanı izlew, saralaw, bahalaw hám onnan nátiyjeli paydalanıw kónlikpeleri kompleksi bolıp, zamanagóy bilim jámiyetiniń ajıralmas bólegi esaplanadı. Jaslardıń usı kompetenciyalarǵa iye bolıwı olardıń keleshektegi kásiplik jumısında ayrıqsha áhmiyetke iye. Zamanagóy málimleme-resurs oraylarında engizilgen sanlı texnologiyalar jaslardıń bilim alıw procesin túp-tiykarınan ózgerttirmekte. Elektron kitapxanalar, onlayn kataloglar, aralıqtan kiriw sistemaları hám sanlı arxivler jaslardıń málimlemege bolǵan talabın jedel hám nátiyjeli qanaatlandırıw imkaniyatın bermekte. Bul bolsa bilimlendiriwdiń beyimlesiwsheńligi hám úzliksizligin támiyinleydi. Bunnan tısqarı, málimleme-resurs orayları jaslardıń ilimiy-izertlew jumısın qollap-quwatlawshı áhmiyetli platforma sıpatında da xızmet etedi. Studentler hám izertlewshiler óz ilimiy jumısları ushın zárúr bolǵan dáreklerdi áne usı oraylar arqalı tabadı. Bul bolsa ilimiy izleniwlerdiń sapasın arttıradı hám jańa bilimlerdiń jaratılıwına tiykar jaratadı. Jáne bir áhmiyetli tárepi sonda, kitapxanalar jaslar ushın sociallıq hám mádeniy mákan wazıypasın da atqaradı. Hár qıylı seminarlar, treningler, ruwxıy-aǵartıwshılıq ilajlar hám dóretiwshilik ushırasıwlar jaslardıń sociallıq belsendiligin arttıradı, olardı jámiyetlik turmısta belsene qatnasıwǵa iytermeleydi. Sonıń menen birge, mámleketimizde jaslardıń intellektuallıq hám ruwxıy rawajlanıwına ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Sonıń ishinde, Sh. Mirziyayev bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw, jaslardıń bilim alıw imkaniyatların keńeytiw hám olardı zamanagóy bilimler menen qurallandırıw zárúr ekenligin bir neshe márte atap ótken. Bul bolsa málimleme-resurs oraylarınıń jumısın bunnan bılay da jetilistiriw hám olardıń imkaniyatlarınan nátiyjeli paydalanıwdı talap etedi.

Juwmaqlap aytqanda, málimleme-resurs orayları jaslardıń bilim alıw, ilimiy izleniw alıp barıw hám ruwxıy rawajlanıwında áhmiyetli rol atqaratuǵın zamanagóy bilimlendiriw institutı bolıp esaplanadı. Olardıń jumısın rawajlandırıw arqalı jaslardıń intellektuallıq potencialın arttırıw hám olardıń global bilim mákanına integraciyalasıwın támiyinlew múmkin. Málimleme-resurs orayları jaslardıń bilim alıwında tek ǵana málimleme dáregi emes, al olardıń intellektuallıq hám ruwxıy rawajlanıwın támiyinleytuǵın áhmiyetli sociallıq institut sıpatında xızmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. O‘zbekiston Respublikasining “Axborot-kutubxona faoliyati to‘g‘risida”gi Qonuni.
2. I.J.Yuldashev, O'.Nosirov Kutubxona - axborot xizmati: nazariyasi va uslubiyoti T.: -2019
3. Худайбергенова Маржан Балтабаевна. КИТАПХАНА-МӘЛИМЛЕМЕ ТАРАЎЫН БАСҚАРЫЎ УСЫЛЛАРЫН ЖЕТИЛИСТИРИЎ EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH. Innovative Academy ResearchSupportCenterUIF=8.1|SJIF5.68. https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10020575
4. Sharipova D. Shamshetova H. Qaraqalpaqstanda kitapxanalardıń payda bolıwı hám olardı rawajlandırıwdıń aktual máseleleri https://wordlyknowledge.uz/
5. Aytımova D. Kitapxana iskerligin rawajlandırıwda innovacion texnologiyalardıń áhmiyeti https://uzdsmi-nf.uz/jurnal-haqida/.